

**ЦАРД ХУАРЗ ÆЙ, ФАЛ ÆЙ РÆСТАДÆЙ БАЦÆРУН БА УÆЛДАЙ ХУАРЗ ÆЙ!..**

***ТЕТЦОЙТИ Таймураз (1922-2010), поэт: «Колити Виталий æмдзæвгитæ иссæнцæ нæ литератури разагъди фæззинд, уонæй е æрбунатон кодта поэзий тæккæ уæлиаудæр бæрзæндти. Е 'сфæлдистади бæрæг даруй æ уоди кæдзосдзийнадæ, рæстбæлдзорæгæй си зæгъуй æ сагъæстæ нæ царди аллихузон фарстатæбæл, æвдесуй си цæйбæрцæбæл æгæрон уарзтæй ин цитгийнаг æнцæ æ фидиуæзæг, æ мадæ, æ бийнонтæ, æ кæстæртæ, æ дзиллæ...»***




Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№12 (1028) 2026 анзи 4 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман


**ЗÆРДХЪУРМÆЙ ХЪОНЦ КÆНÆН, Æ РОХС НОМ ИН ИМИСÆН**



## «ФÆЦЦАРДТÆН, ЦÆМÆЙ КÆДЗОСДÆР УА НÆ ДУЙНЕ...»

Уогæ ба ци ресагæ æма бухсагæ æй зæрдæ... Дууинсæй бони райевгъудæй, Колити Виталийæй æнæнгъæлти ку æрбаседзæр ан, е 'носон дуйнемæ ку банæхстæр æй æма нæ хъонцгæнгæ ку фæууагъта, уæдæй... Дууинсæй бони цанæбæрæг рæстæг æнцæ, зæрдæ æ ристæй не 'нцайуй... Имисæн æй æдæхсæвæ-æдæбонæ... Имисæн æй нæ газети сæрмагонд номери рауагъдæй дæр...

Имисæн ин æ цардвæндаги хабæрттæ, æ зæгъдтитæ æма фæдзæхститæ. Е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ финста:

*Ци фæццардтæн, уоми æз фæццардтæн,*
*Цæмæй уа кæдзосдæр нæ дуйне...*

Æма ин æ царди еци æгъдауæй æнтæсгæ дæр берæ кодта. Кæддæр «зин мин адтæй цæрун рæстуодæй...», зæгъгæ, кæд загъта, уæддæр æ уодиконд некæд раййивта, гадзирахаттæй ибæл некæд рацудæй:

*Адæмбæл нæ кодтон устурзæрдæ,*
*Мæнгæ дзурд некæд кодтон æцæг...*

Уотæ ке адтæй, е æруагæс кæнуй, кадæриддæр æй зудта, уонæй. Æма ин рæстзæрдæ кадæ кодтонцæ. Уой æхуæдæг куд нæ уидтайдæ, фал уæддæр æ зæрдæ ба, æвæдзи, æхсайдта:

*Адæймаг иссеруй царди радæ,*
*Уæлæбæл ку нæбал фæууй, уæд.*
*Кæдимайдима еци кадæ*
*Мæнæн дæр æрхæссидæ мæлæт...*

Дзæгъæли гъенцъун кодта уæхæн сагъæстæй. Адæми 'рдигæй кадæй хайгин адтæй æ уодæгасæй дæр, арфиаг си уогæй ин кадæгонд цæудзæнæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ дæр.

**НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР**


**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**


**ЗÆРДИ САГЪÆСТÆ**



## «МÆ ЦИРТБÆЛ ДÆР, ÆЗ, ÆВÆДЗИ, БÆЛГÆ-БÆЛГÆЙ, ÆМБÆЛДЗÆН...»

Адæймаг æ зæруай карæмæ хæстæгæй-хæстæгдæр кæнун ку байдайуй, уæд размæ уоййасæбæл нæ фæккæсуй, фал ахиддæр æ ракæсæ-ракæсæ исуй æ царди евгъуд рæстæгутæмæ... Æ цардвæндаги хабæрттæ æма цаутæ рæстеуæг цæстингасæй лæуарун байдайуй: цæмæйдæрти си боз фæууй, кæцидæрти туххæй ба батæходуй кæнуй, гъома, æндæр хузи, зæрдæмæдзæугæдæрæй мин сæ исаразун ку бантæстайдæ...

Колити Витали дæр, ка 'й зонуй, уотæ лæуаргæ цæстингасæй ракæсидæ æ ирисхъи евгъудтæмæ. Е бæлвурд-бæрæг æй æ исфæлдистадон уадзимистæй дæр. «Таустæ», зæгъгæ, ци новеллитæ бамбурд кодта, уонæй еуеми («Скъолай тургъи») уотæ бабæлдтæй:

*«Рæстæг æнæидонæ бæхау æнсæндуй размæ. Разæй – неци, фæстегæй – имисуйнæгти æма фæсмони уолæнтæ.*

*Кæддæр, скъолай бадгæй, къæразгæй æндæмæ кæсгæй, гъæунги фестунмæ бæллинæ, нур ба еци къæразгæй медæмæ, къласи еунæг хатт ма рабадунмæ, мæ билицъæрттæ хуæрун...»*

Еудадзуг æ тæходуйаг бæлдити ахæсти ке адтæй, уой кой дæр си исервæзидæ æ уадзимистæй беретæми – зæгъæн, е 'мдзæвгæ «Бæлдт»-и:

*Бæлдт нихxизтæй арф мæ зæрди,*
*Æ фæрци дæн цæрæццаг...*

Уæдта ма си уотæ дæр загъта:

*«Мæ циртбæл дæр, æз, æвæдзи,*
*Бæлгæ-бæлгæй, æмбæлдзæн...»*

Абони Колити Виталий рохс ном имисгæй, хумæтæги нæ кæнæн æ тæходуйаг бæлдити кой. Уомæй нæ уой баханхæ кæнун фæндуй, æма ин цæйбæрцæбæл алæмæти характер уодиконд адтæй. Æ царди гургъахъ нæдтæбæл рæстуодæй рацæугæй, рæстзæрдæй адæми 'хсæн бацæргæй, æновудæй син сæ цийни дæр æма зини дæр фæллæггадæ кæнгæй, уæддæр æ медсагъæсти ба берæ цæбæлти дæр гъенцъун кодта, хуæрзагадæй ма ин цидæртæ исаразун ке нæ бантæстæй, уой фæдбæл. Æ еци гъенцъун раргом уидæ æ уадзимистæй беретæми. Æма нæ абони дзубанди дæр кæндзинан уонæмæ гæсгæ.

5


http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***ГÆТИЙТИ Альбинæ, педагогон наукити доктор, профессор: «Æхцæуæн мин æй, æгайтима номдзуд Малити Геуæргий фæсте дигоронау ка финсуй, уæхæн искурдиадæгин поэттæ нæмæ ке ес, æма нин етæ нæ цитгин маддæлон æвзаг исæфун нæ уадзунцæ. Уонæй ба еу – Колити Витали. Е 'мдзæвгитæ нин абони уосиати хузæн фæууæнтæ æма æновуд уæн не 'взагбæл, æ сæрбæлтау архайæн...»***

## ЗÆРДÆРГОМÆЙ



### Æ ПОЭЗИ – ÆВДАДЗИ САУÆДОНÆ

Колити Виталийæн е 'мдзæвгити æмбурдгонд «Сæхолæ» ку фæззиндтæй (1997 анзи), уæд ибæл поэт Тобойти Цæрæг ци зæгъуйнæгтæ нифсфинста, уонæй абони кæцидæрти мухур кæнæн.

* * *

Ес дигорон литературæ. Ес æма ирæзуй есгæй æхемæ нæ доги рес æма мæтæ, итаугæй æууæнкæ æма уарзт адæми зæрдити. Е æй агъазиау æхцæуæндзийнадæ æма хуарз гъуддаг. Уотæ ке 'й, уомæн æвдесæн æй Колити Виталий æмдзæвгити æмбурдгонд «Сæхолæ». Сæхолæ 'й сауæдони ном. Хумæтæги не 'схудта поэт е 'мдзæвгити æмбурдгонд еци номæй. Колий-фурти æмдзæвгитæ дæр сауæдонау цæунцæ зæрди арфæй, æнцæ сауæдонау рæсог, дæттунцæ зæрдæ æма зундæн æрмæг ирæзунмæ, бæттунцæ рæсугъд æнкъарæнтæбæл, хонунцæ 'й рохсмæ, кæнунцæ 'й нифсгин, æууæнкгин. Зæрди игурун кæнунцæ адæймагуарзон гъудитæ.

Колий-фурти поэзи нæй еугæндзон хуæст царди еу фæззиндбæл. Поэт турнуй царди алли къабæзтæ равдесунмæ. Уотæ ку зæгъон, æма бæлвурдæй раздæр æхецæн ихæсæн ниввардта, царди еукæцидæр фæззиндбæл ниффинсон, зæгъæ, уæд раст нæ уодзæнæн, уомæн æма уæхæн æмдзæвгитæ фæуунцæ æнæуод, уомæн æма лæхурд не 'рцæунцæ зæрди куройни, не 'сфицунцæ поэтти тоги. Æмдзæвгæ игуруй зæрди рист æма устур мæтæй, æцæг уарзти артбæл фицгæй. Виталий æмдзæвгитæ уæхæн хузи райгурдæнцæ æма уомæн агайунцæ зæрдæ. Цард бонæййевгæй æнæмæти не 'рветуй, фал алли ристæй дæр ресуй, тæхсуй æ зæрдæ. Царди ин адæгон неци ес, егауй æй алцидæр, райдайæ æрдзи нивтæй æма фæууо уарзондзийнадæй. Зæнхæ дон куд фæцъцъируй, уотæ цъируй поэти зæрдæ дæр цард, æма си уотемæй райгуруй æцæг цæрунгъон æмдзæвгитæ.

* * *

Колити Виталий киунугæ «Сæхолæ»-йи туххæй дзоргæй, Тобойти Цæрæг æ зæгъуйнæгтæн искодта мæнæ ауæхæн кæронбæттæн: «Табуафси, Колити Виталий поэзий сауæдонæй баниуазæ, фидбилиз уи некæмæн æрхæсдзæнæй, æвдадзи хусæ 'й зæрдæ æма зундæн, æхцæуæндзийнадæ ба син ратдзæнæй».

## КОЛИТИ ВИТАЛИ: «ÆЗ БА ПОЭЗИЙ ГЪЕЗÆМАРИ ÆРМÆСТ БАНКЪАРУН АМОНД...»



СКЪОДТАТИ Эльбрус æма МАМУКЪАТИ Хъазбег арфæ кæнунцæ КОЛИТИ Виталийæн æ юбилейи фæдбæл æмбурди.

# «МАХÆН ÆГАС ДÆ, ВИТАЛИ...»

### ЭССЕ КОЛИТИ ВИТАЛИЙ НОМЕРÆНÆН

Къуæрей размæ дæр ма арв кæдзос адтæй, фалдзостæ – сабур. Уæхæн усми адæймаг фенгъæлуй, цума уотæ уодзæй æноси дæр. Фал нидæнгæй сау мегътæ æмбурд кæнун райдæдтонцæ æма æрвон итигъдадæ æрбалхъивтонцæ кæрæнттæй астæумæ. Дуйне ниттар æй. Комахсæни мæйæ. Æртæ боней размæ арв æваст ферттивта, ниддæгар-дугур кодта æма сæх-сæхæй уарунмæ фæйнагайдта. Æви мæмæ кæсгæ уотæ фæккодта, – уотæ раги, зумæгон арв ку нæ фæгъгъæр кæнуй?.. Афонæ ин нæма адтæй. Æнафони нийхалдæй бонигъæдæ...

Фæуурдта, цалинмæ не 'мбали кирæ хæдзари цорæй рахастонцæ, уæдмæ. Рамардæй финсæг... Æ уæлæбæл дуйней фæстаг надбæл цудæй не 'мбал, нæ хъазар æмкосæг, нæ хæлархзæрдæ адæймаг Колити Витали... Гæр-гæр, гæлæхха, е ба куд? Уомæн куд адтæй уæн?! Некæмæй æруагæс кæнуй, ци берæ мæрддзогойнæ ибæл æрæмбурд æнцæ æ фæстаг надбæл æй рафæндараст кæнунмæ, уонæй еци æверхъау хабар. Фæйнердигæй кæрæдземæн десхузæй дзурдтонцæ хъонцгæнæг адæн, ка ма си кæд фæууидта Виталий, уой:

«Тæккæ еубонæ дæр ма æ хæццæ телефонæй дзурдтон, æма хъæбæр игъæлдзæг адтæй»;

«Æз ба ма 'й мæйи размæй фæууидтон фæстаг хатт. Гириз дæр ма ракодтан. Уой æнгъæл ба ка адтæй?!.»

«Мадта æз дæр хъæбæр æрæги æ хæццæ рамбалдтæн. Цард уогæ ба ци дессаг æма ци æгъатир æй! Æвгъауи лæг бæргæ адтæй!..»

«Уо, Дуйнейискæнæг, табу Дæхецæн. Нур мах ку рамæлæн, уæдта ма нæбæл ка радзордзæнæй? Нæ синх фæсседзæрхуз æй!..»

Уо, уæууæй. Уæд ма мах ба ци зæгъæн?! Æхсæрдæс æма инсæй анзей дæргъци, журнал «Ирæф»-и райдайæнæй, еумæ ке хæццæ фæккустан, еци фæлмæнтæ дзорагæ Витали нæ æнæнгъæлæги ку фæууагъта...

Уал анзей дæргъци ке хæццæ фæккосæй, е æнсувæри хузæн исуй. Малити Васо нин уотæ зæгъидæ: «Мах, журнали косгутæ, еу бийнонтæ ан!»...

Айсоми ин æ финсæн стъолбæл сурх деденгутæ ниввардтан æ хузисти хæццæ. Нæ косæнуæттæ æнварзтæ 'нцæ...

Виталий кабинети дуар алкæддæр игон уидæ, æ рæзти ка рацæуидæ, е 'йбæл фездæхидæ æма ин е стъолæй къанфеттæ фелвасидæ. Уотæ ибæл исахур æнцæ е 'мкосгутæ æма æ зонгитæ, Мухури хæдзари æхсæзæймаг уæладзуги бадгутæ. Ести ходæги хабар ба ма син уæлæнхасæн радзоридæ, уотемæй идзулдæй, сæ медбилти ходгæй рауайиуонцæ. Мæнмæ дæр æрхатидæ, дæ комтæ райадгин кæнæ, ме 'нсувæр, зæгъæ, фал адгийнагбæл уотæ æхцул нæ дæн, æма уæд фæйнæ цаййи кенæ кофей бацумианæ еумæ рæфтадафони...

Бонигъæдæ абони дæр æнкъардхуз æй, æма мæмæ уотæ кæсуй, цума ардигæй фæстæмæ дæр уотæ уодзæй, нæ раййевдзæй æ хузæ. Нæннæ, нæннæ, ниндæ кæнун дæр гъæуй, æрдзæн æхе фæткитæ æма æгъдæуттæ ес, мах сæмæ неци гъуддаг ес. Уæддæр ме 'уæнгтæ цидæр уæззау ниццæнцæ, мæ хъури буни пъæззу ниббадтæй, издийау мæбæл цидæр уæзуй, сæр ба ресуй æма ресуй, æма ин рæуæнттæ дæр ес.

Еци æнтъуснæг уавæри цæбæлдæр сагъæсти ранигъулдтæн, уотемæй коридормæ рахизтæн. Дуар игонæй ку рауидтон, уæд, Витали, зæгъæ, исдзорунмæ гъавтон, фал æй æвваст ралæдæрдтæн, æма мæ зæрдæ ниссæхххæтт ласта: «Витали нæбал ес!..» Лæги фарсæй цума еу фæрскъæ фæгъгъудæй, уотæ æнкъарæн нæхе.

Йа, уæууæй, Витали, уой æнгъæл дин ку неке адтæй! Нура ма ци? Ке бон ци æй? Æрмæстдæр уой бæлвурдæй зонун: дæ хузæ берети цæститæбæл уайдзæнæй, дæ хæлар зæрдихатт сæ зæрдити дардзæнæнцæ, дæ рæсугъд æмдзæвгитæ ба – сæ сæри зунди.

Махæн æгас дæ, Витали, æма нин æгас уодзæнæ...

...Изæрмелтæ кæнун байдæдта. Ирдгæ æрбагъазта æма мегъæ æрбайсавдæй. Стъалутæ разиндтæнцæ æрвон итигъдади. Еу си ирддæрæй æрттивта иннетæй игъауги. Цума, зæнхонуг адæмæн цидæр зæгъунмæ гъавта. Æви мæмæ кæсгæ уотæ фæккодта... Зæрди азæлдæнцæ де 'ндзæвги аййев зæлтæ: «Æхсæрисæр, Æхсæрисæр...»

*СКЪОДТАТИ Эльбрус,*
*журнал «Ирæф»-и*
*сæйраг редактор*

## КОЛИТИ ВИТАЛИ: «ÆЙ МÆНÆН МÆ ЗÆРДÆ ÆРГОМДЗОРÆ...»

**МАМУКЪАТИ Хъазбег**

### МÆ РÆУФУНТÆ

*Колити Виталий фæнзгæй*

*Æрдо-хедбæл цудтæн мæ рæуæги,*
*Арт сугъдæй гур-гурæй мæ фæсте,*
*Æригъал æй мæ фун мæйнæуæги, –*
*Ниви арвбæл, цума, ци финст е?..*

*Ци рахастон фунтæй мæ асæгмæ? –*
*Зуст ампъезтæн, мийиаг, сæ тæссонд…*
*Ци 'й мæ хицæ мæсгути дасæгмæ,*
*Кæд мæсгутæ æнцæ метæй конд?*

*Ци ниуугъгон уæдта мæ рæубæнтти –*
*Къæл-къæл ходун æви сор цъæхахст?*
*Цæмæй ма 'й базонон, ци рæууæнтти,*
*Мæ бæласæ ку 'рцæй æрдæгсаст…*

*Мæ фæззæги уæргутæ зæгъдзæнцæ,*
*Ци адтæй мæ уалдзæгæн æ догъ, –*
*Мæ фунтæ мæмæ уæд æздæхдзæнцæ,*
*Ма калдзæй мæ бæласæ къомбох…*

### ФÆСТАГ ÆМДЗÆВГИТÆ

*Колити Виталийæн*

*Дзилли фарни рæстбарæ тæразæн*
*Æ гупп-арти нихсист дæ, поэт.*
*Цъилингай рохс кæлуй дæ къæразæй –*
*Рохс æмдзæвги егаугæ ниннет.*

*Æрвгæрони стъæлфуй мæйæ-байраг*
*Дæ цъæхснаг рæнгъæ-æхси къæрццæй.*
*Æрфæни фæдбæл ин – берæ хуайраг,*
*Дæ рохс зартæн се 'рхъестæ хуæрдзæй.*

*Æстъалуй нæмугау ин нигъзали*
*Дæ рæстзæрдæ бæлдитæн сæ уод, –*
*Сæхолау, уæд дæ 'мдзæвгæ, Витали,*
*Фæлдесонди бæрзонддæр искондæ!*

*Кæд фæндур нæ цæгъдуй фæрсæрхъезæй,*
*Нæ кæнуй саст куройнæ инсгæ, –*
*Сæдæ анзи уæддæр æнæнезæй*
*Дæ фæстаг æмдзæвгитæ финсæ!*



Журнал «Ирæф»-и раздæри сæйраг редактор МАЛИТИ Васо æма е 'мгустгæнæг КОЛИТИ Витали.

Зундгонд рохситауæг, этнограф, нæ адæми историй фиццаг киунугæ («Иры истори» 1913) ниффинсæг Темурхъанти Гаврили фурт Сослани райгурдбæл 3 апърели исæнхæст æй фондз æма авдинсæй анзи (1881-1925).

## КОЛИТИ ВИТАЛИ: «ÆЦÆГ ЛÆГАУ, ТÆХОДУЙТÆ, КÆМÆН БАНТÆСТÆЙ ЦÆРУН...»



# АДÆМЫ ФÆДОН

**КЪАДЗАТЫ** Станислав

*Тæхуды, йæ уды*
*Кæмæн цæры Арв,*
*Кæмæн вæйïйынц будау*
*Йæ сыгъдæг, йæ арф!*

Афтæ у, бæргæ, фæлæ ме стырдæр фæндиæгтыл бафтыд ног – Хуыцауыскон чи у, адæмы хæрзæбонæн йæ удæй арт чи цæгъды, уый фылдæр куыд цæра! Афтæмæй æмбисондмæ «Хæрзæджы хорзæй – цард» æфтауæм: о, хæрзæджы хорзæй – цард, фæлæ-иу йæхицæн дæр уæд цард, цæмæй уа амондджын, цæрæццаг æмæ фылдæр хæрзты бацæуа нæ дзыллæйæн, Ирыстонæн. Ехх, æвæдза, афтæ куы уаид, фæлæ ам – хохы йас фæлæ. Уæвгæ, ныхас йæ сæрæй райдайæм.

23-æм февралы мах дзурын бахъуыд фæстаг фæндараст Колиты Виталийæн. Стыр хъыгæн, йæ царды сыгъзæрин фæззæг æмбисыл аскъуыд. Зæхх сæ нæ урæдта, уый бæрц мæрддзыгой æрæмбырд Заводты поселокмæ – уым цард Витали йæ бинонтимæ фæстаг 30 азы бæрц.

О, алы адæймаг дæр йæхи зонынхъом куы фæвæййы, уæдæй фæстæмæ фæхъахъхъæны йæ фæстаг бон. Гъемæ цас бæрнондæр вæййы, уас фылдæр хæстæ фæеисы йæхимæ. Витали рæз хаста Æхсæрысæры хъæуы. Хъысмæт ын афтæ сныв кодта æмæ каст фæци æппæты уæлдæр скъола – сидзæрты скъола. Кæд йæ зæрдæ дæр афтæ æнкъараг-æмбараг уымæн басгуыхт. Кæд бæрнонæй цæстуарзон, куыстхъомæй уæззаузонд дæр уымæн уыд æдзух.

Виталийы уды цыма нæ адæмы хуыздæр миниуджытæ ерыс кодтой æз хуæздæр разыноныл, афтæ æдзух уыд æрдынбосæлвæст æмæ лæггадмæ цæттæ. Сыхбæстæ, дам, айдæн у, гъемæ уыцы айдæн Витали ирд кодта алы хуызы дæр. Мидбылхудгæ, къæрцхъус, цæстуарзон, цыбыр дзырдæй, Виталийæн йæ уæздандзинад, йе 'гъдау цыдысты йæ разæй. Уымæн æй уарзтой афтæ бирæ йæ сыхæгтæ кæстæрæй-хистæрæй.

Урс хохæй – урс дуртæ. Витали йæ бинойнаг Луизæимæ схъомыл кодтой æвзæрст мæнæуы хуызæн цот æмæ уыдон дæр уарзон сты адæмæн.

Ныр ма – ахæм фæзилæн. Колийыфырт ссис нæ фидиуæны зиууон – Цæгат Ирыстоны радиойы æххуысгæнæг. Ссардта-иу мын ног хъайтартæ нæ «Уацамонгæмæ» æмæ «Цæразонтæм» дæр. Йæ курдиатджын сыхæгтæ Дзабайты Таисæ æмæ Баликъоты Райæйы тыххæй сæрмагонд стыр бакасттæ куы арæзтам, уæд сæ Витали æхсызгонæй архайдта æмæ сфидыдтой, Дыгъуызты Тенгизы тыххæй куы кодтам сфæлдыстадон сурæт, уæддæр уайтагъд нæ уæлхъус æрбалæууыд.

Цæстмæ, æнхъæлæй ницы кодта Витали, фæлæ йæ уды фæрнæй.

*Рацагъта мæнæн уæлтæмæн,*
*Ног хъуыды фæрныг, рæсугъд:*
*Уды дæр куы хъæуы зонд æнæмæнг,*
*Фæлæ зонды тынгдæр хъæуы уд.*

Гъемæ Витали æнæхъæнæй дæр уыдис уд, йе сфæлдыстад дæр афтæ хæдбындур уымæн басгуыхт, уымæн ын ис йæхи æрмдзæф, йæхи хъæлæс. Æмæ фидарæй ис зæгъæн: Витали канд Колыты Аксойы фæдон не сси, фæлæ Малиты Геуæргийы æмæ Къостайы аккаг фæдон дæр.

Цæй тыххæй ма?

*Удыл куы андзæвы уд,*
*Уымæй у дуне рæсугъд,*

40 азæй фылдæр рацыд Виталиимæ куы базонгæ стæм, уæдæй. Гъемæ йыл мæ зæрдæ иунæг хатт дæр никуы фæхудт – кæддæриддæр иугъæдон, раст, сыгъдæгзæрдæ, рæдау, цыргъзонд, иузæрдион йе 'мгæрттыл.

*Æрдхордæн æрдхæрдтæй*
*Куы райа йæ зæрдæ,*
*Йæ раст куыст, йæ хорзæй*
*Куы бæзза æрдхордæн,*
*Уый фарны нысан у,*
*Уæд фидæны хъан у.*

Гъемæ Витали йæхæдæг уыд фиццаджыдæр хорз æмгар æмæ йын уый бæрц æрдхæрдтæ дæр уымæн уыд. Диссаг ма цы у?

Адæймаг Виталийæ уæд та иуцъус исты æвзарæй, æппæрццæгæй куы зонид, уæд зæрдæйæн, æвæццæгæн, афтæ зын нæ уыдаид, удæн афтæ уыраугæ нæ уыдаид йæ æвиппайды мæлæт.

Гъæй-джиди, æмæ хорз амондæн æххуыс куы уаид, уæд Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон Виталийæн дæр арфæтæ кодтаиккам, уымæн æмæ цæстыгагуыйау хъахъхъæдта нæ фыдæлты рæсугъд æгъдау æмæ нæ мадæлон хъæздыг æвзаг, гъемæ афтæмæй цæрæццаг кодта нæ адæмы, нæ фидæн.

Рохуат нæ уыдзæн Колийы-фыртæн – йæ сыгъдæг мысайнаг сæвæрдта Ирыстоны табуйаг кувæндоны.

*О иунæг кадджын Стыр Хуыцау,*
*Дæ хорз нын ма бакæн æвгъау:*
*Йæхимæ хæстæ чи исы зындæр*
*Нæ размæцыдь охъл,*
*Сæ тыхтæ-иу сын кæн фылдæр,*
*Куыд лæууой фидар, хохау.*
*Æтт, дæ хуыздæртæн, Ирыстон,*
*Кæн сæ цардхъомыс фылдæр!*
*Уæд дæхæдæг дæр сæрхызт дæ,*
*Уæд дæ фарнамонд – уæлдæр.*

## «ÆХСÆРИСÆР, ÆДТА, ЦИ БÆЛДТАГ ДÆ, ЛÆГИ ХЪАУРÆ ДÆУÆЙ ФÆЙЙИСТОН...»






Цалдæр анзей размæ Æхсæрисæри дзиллæ ку рахастонцæ унаффæ «Æхсæрисæри кадгин гражданин», зæгъгæ, цитгингæнæн ном, уæд æй фиццагидæр исаккаг кодтонцæ зундгонд ахургонд Цъугкити Барис æма поэт Колити Виталийæн. Сæ гъæубæстæн кадæхæссæг дууæ номдзуд лæгемæн. Нæкæси, гъæуæн æ бацæуæни ци амонæнтæ æвæрд ес, уоми хецæн фæйнæгбæл финст æй Колий-фурти æмдзæвгæ Æхсæрисæри тухххæй.

**Къари:** «Æхсæрисæри кадгин гражданин»-и ном дæттуни фæдбæл мадзали архайгутæ (рахесæрдигæй галеуæрдæмæ) Цъугкити Барис, гъæуи астæуккаг скъолай ахурдзау **Етдзати Рустам**, гъæуи администраций сæргълæууæг **Дзидзойти Тасолтан**, **Колити Витали** æма æ кизгæ **Людмили фурт Аслæнбег**.

## ЗÆРДÆРГОМÆЙ



### ÆФЦÆГМÆ ФÆНДАГЫЛ

Кæддæр уырыссаг поэт Федор Тютчев фыста: тæхудиаг у, ацы дунейы фыдæвзаранты чи царди, уый. Мах цæрæм фыдæвзарæн дуджы, фæлæ нæ хъысмæт бæллиццаг нæу. Нæ рæстæг нæу поэзийы рæстæг. Йæ уынæры дардмæ нæ хъуысынц фæндыры зæлтæ, æхгæд зæрдæтæм нæ хъары поэтикон ныхас. Иудадзыг мигъ кæм бады, уым хур ничи уыны. Æдзух хъæрахст кæм цæуы, уым ничи хъусы фæдисы дзæнгæрæг дæр.

Афтæ у нæ уавæр. Ахæм уавæры та курдиат вæййы аууоны. Нæй йæ уынæг, нæй йæ хъуыдыгæнæг. Адæймаг пайдайы сæраппонд тохы куы бацæуы, уæд æй не 'ндавы нæдæр Сырдоны хъарæг, нæдæр Ацæмæзы зарæг. Уый трагедион уавæр у поэтæн дæр æмæ адæмæн дæр.

Колиты Витали ахæм рæстæджы куы нæ цæрид, уæд уаид зынгæ поэт, уаид номдзыд лæг, йæ дзырдæн уаид аргъ æмæ кад. Фæлæ рæстæг нæ фæндонæй æвзаргæ нæу. Лæгæн йæ уаргъы баст цы ис, уый хæссын хъæуы, кæд зын æмæ уæззау у, уæддæр.

* * *

Колиты Виталийы сфæлдыстдон курдиат у æрдзон æмæ цардхъом. Ис ын поэты зæрдæ – уый æнкъары царды улæфт, æрдзы фидауц, уарзты тавиц. Афтæ æнкъары дзырды ад æмæ поэзийы зæлынад дæр. Уыцы æууæлтæй æвзæры æмæ рæзы йæ уацмысты фæлмæн лиризм, йе стихы музыкалон нывæст, йæ поэтикон аивад.

* * *

Витали хъуыдыджын у. Йæ цæст у уынаг. Уыны царды быцæутæ, йæ бон у зæрдæмæ ныккæсын, адæймаджы æнкъарæнтæ иртасын. Уымæ гæсгæ æцæгдзинад æвдисы йæ алы хуызты, цард æмæ рæстæг ныв кæны æппæтвæрсыгæй. Поэты æмдзæвгæты æмзæлланг кæнынц цин æмæ хъыг, арвнæрд æмæ хуры тынтæ. .

Бæрзонд у поэзийы æфцæг. Зын æмæ бырынцъаг сты йæ цæуæнтæ. Фæлæ æнтысы, чи цæуы, уымæн. Хорзæй æнтысы Виталийæн уыцы æфцæгмæ схизын.

**ДЖЫККАЙТЫ** *Шамил,*
*Цæгат Ирыстоны адæмон поэт*

**Номдзуд ахургонд, цæгаткавказаг адæмихæттити минæвæртти æхсæнæй историон наукити фиццаг доктор, профессор Кокити Александри фурт Геуæргий райгурдбæл 4 апърели æнхæст кæнуй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1896-1954).**

***БИЧИЛТИ Алетæ, Уæрæсей журналистти Цæдеси иуонг: «Колити Витали æ алæмæти исфæлдистадæй агъазиауæй-агъазиаудæр байвæрæн бахаста Иристони аййевадон литератури сугъзæрийнæ хæзнадонæмæ. Баргъонæй лæуд адтæй нæ номдзуддæр фингути æмрæнгъæ. Мæ бон æй уотæ зæгъун дæр, æма æ исфæлдистадæ***

# «МÆГУРÆЙ ДÆР УОДИ ХЪАУРÆЙ ФÆДДАРДТОН БÆРЗОНД МÆ СÆР…»



## ЦЪАЙ

Рæсог цъайау æй дæу зæрдæ,
Æвдадзи хуасæ 'й мæнæн,
Фал не 'хсæни тæссаг цæндæ
Цума даст æй фудæнæн.

Бахезинæ æ сæрти дæр,
Æрæгъзæлæд, нæ тæрсун.
Цæбæл ма 'й уæд мæ зæрди гъæр,
Нæ мæ фæндуй дæ лæкъун.

Ци киндæуа, идзаг реуæй
Дувудон арти фицун.
Хезун дæр имæ не 'ндеун,
Æдонугæй дæр мæлун.

## СÆНТТАГ СÆРЕБАРÆ

*(Гарсиа Лорки монолог)*
Къæхти хæццæ фæндаг фæххилæй,
Римæхсуй ми хъулуфтæ тайрадæ,
Фал цæудзæн, лæгæрддзæн æсхъæлæй,
Кардæлвæстæй æма зæрдирадæй.
Нигæнун барвæндонæй мæ уарзт,
Нæ мæ гъæуй лигъз цард, кæнгæ кадæ,
Ниххуссæд гæрзæ реуи æртдзаст,
Кæд дуйней исæфуй рæстдзийнадæ.
Кæд цæргæстæ æнцæ базурсаст,
Рæстбæл тохи сæ тоги мæцунцæ,
Сæ фидæй син будурти мæрддзаст
Сау халæнттæ мийнасæ кæнунцæ.
Хъозги цавд кæд нæ лæгтæ æнцæ,
Лæдæрсуй уонæбæл куйти сæтæ,
Ке кæсунцæ ме 'взагмæ къæнццæй,
Е иссæй мæ рæхуайгæ стур мæтæ.
Гæр, æз ба къуæтти дæн, цагъар дæн,
Сæ дæлбарæ куд суон сайд сæлхæртæн,
Лæг кæд цардæй еу бони кадæн,
Ци зæгъдзæнцæ мæнæй мæ фæлтæртæ.
Лæгæрддзæн, нæ, не 'руадзæн мæ сæр.
Ци 'й æхца, уод ку уа æнæбарæ?!
Фидибæстæ ме скаст, фал уæддæр
Цæмæн иссæй сæнттаг сæребарæ?..

## ÆНДÆР КУВД

Ниффедар угæй нæ хъанзи,
Хуцауæй уой фæккорæн:
«Фæццæрæ нин сæдæ анзи», –
Кæрæдземæн фæккоæн.

Нæ гъавун æнос цæрунмæ, –
Табу амонд дæттæгæн.
Нивгун мардæй рамæлунмæ
Нуртæккæ дæр цæттæ дæн.

Нæ телун арвмæ тæппæстæ,
Æрмæст корун: «Мæ фæсте
Мæ Дигорæ, мæ къабæзтæй
Мабал рамæлæд маке…»

* * *

Дæ миутæй басугътай ду берети,
Сæ зæрдитæ кодтай син тæхсун…
Дæ фингæмæ мæ уарзти къеретæ
Уæд цума ци нифсæй фæхххæссун…

Ке мæлдзæн æз раздæр мæ адзалæй, –
Лæдæрун уой бæргæ æд æрхун.
Лæдæрун, – ке ниуудзæн хъæзалæ,
Уæддæр дæмæ æд цийнæ тæхун…

* * *

Æрдзæ бабæй æригъал æй,
Фæссурхвазæ 'й æрвгæрон.
Ирæфи дон æ цæхъалæй
Æрæхснадта билгæрон.

Æсхъиуд уадæй æ уолæнтæй
Бæласи цонг рæвдауй,
Ракæнуй æй æвдолæнтæ,
Ку ба 'й фæлмæн радауй.

Телуй е дæр е 'хснад къортæ
Цæунæрвонг æ фæсте.
Евгъуйуй дон ба æ цорти,
Лæууæнвæткæ ин нæййе.

Æз дæр уотæ мæ сах уарзти
Нæбал ирдтон еу рауæн,
Фал раевгъудтæ мæ рæзти, –
Мæн ниуудзгæй, хъеллауæй…

## МÆЙÆ

Æхсæви тайради
Е 'ной истухсинæ,
Идард æрвгæронмæ
Куд арæх бæллинæ.

Мæйæмæ е 'скасти
Ратгæй, цит, мæ бартæ,
Уæларвмæ кæсинæ
Арæх изæрдарти.

Æз дæр æ уиндæмæ
Хуардтон билицъæрттæ, –
Тавгæ ке нæ кæнуй,
Уой ба нæ æстæфттæн.

Дæу дæр сонти-бонти
Мæйæбæл баринæ,
Дæ каст, дæ бахудтбæл
Мæ уод фæгъгъаринæ.

Дæумæ зæрдигонæй
Даринæ мæ тæрттæ.
Мæйау æтафс адтæ, –
Уой ба нæ лæдæрдтæн!

* * *

Ферттивтонцæ къæрæзгитæ
Изæдбадæнау æма
Мæ донласт зæрди изгитæ
Æрæгъзалдæнцæ цума.

Дæ лигъз бауæр, дæ лигъз цæнгтæ
Фæууæгъдæ кодта халат: –
Фæййирддæр æнцæ мæ сæнттæ,
Фæййирддæр æй хуссæнуат.

Мæ цæстингас ку ниууорс æй,
Рафæлгæсæ, – исæфун.
Фал, æвæдзи, уæхæн рохсæй
Зин æй талингæ 'стæфун…

* * *

Кадæр загъта зæрдирастæй: –
«Фиццагдæр бал дæ бакаст».
Е æ надбæл ма рараст уæд,
Е бавзарæд мæнау маст.

Фиццаг хатт æй æрæстæфгæй,
Куд нæ фæццох дæн зундæй,
Куд нæ басугъдæй мæ цæстæ
Æ фæлмæн худт, æ уиндæй.

Æбун арви итигъдади
Иcистон мæхе бæрзонд,
Фал æ еци рæсугъдадæ
Разиндтæй къинсау тæссонд.

Исдæн бунтон зинæстæфæн,
Ци æнгъæл имæ кастæн…
Куд фулдæр лæстæн æ цъифи,
Уотæ арфдæр си хастæн.

Æууæндтæн, ес ма æфсарæ,
Мæ изæд æй исхудтон…
Уомæн ба уæд æ хæдзарæ
Уидæ алкæмæн игон.

Ку лæдæрдтæн, е 'стур десæй
Ке уодзæнæн æнæ хай,
Ци ма хуардтон уæд мæ гъестæ,
Цæбæл кодтон удагъай.

Ци пайда ма 'й загъта-багъта,
Мæхе фудтæ 'нцæ, – æдта.
Нæ уарзун мæ ка нæ уагъта,
Ци хъæстинез мæ тилдта...

## МÆ ГЪÆУБÆСТÆ

Ку бацæуй лæг æ зæруи,
Уæд райдайуй медбуцæу, –
Имисун бабæй айзæри,
Æхсæрисæр, дæу, мæ гъæу.

Фæскарст будур, еугай хелтæ,
Уайгæдони æрцæвæн.
О, куд уарзтон изæрмелтæ,
Куд мин уидæ æхцæуæн.

Ескæмæн кæд дæ æнадæ,
Е кæнис еске тухсун…
Æз ба алкæд зæрдирадæй
Дæ коймæ дæр исистун.

Кæд æруагътон рæдудадæ,
Хатир корун уæд, сæттун.
Фал ци райстон хуарздзийнадæй, –
Дæ фарнæбæл уой бæттун.

Æрхун реуи æрбацадæ 'й,
Кæнун бабæй сонт цæрддзо,
Тæходуй-ма, бæгъæмбадæй
Дæ гъæунгти æрцæйцо.

Куд нæ дин ес æндæр уæвæн,
Дæумæ бæлгæй æз мæлдзæн.
Куд нæ дин ес иронхгæнæн,
Нæдæр ба ес рагæлдзæн.

О, мæ уод æма мæ цæстæ,
Мæ рист зæрди рæстæмбес,
Æхсæрисæр, мæ гъæубæстæ,
Мæ бауарзт æма цийиес!

## КАТАЙ

Дæ æфсæрмæ, дæ рæуæнттæй
Ци хузи дæ радавон.
Æрбадарæ, цæй, дæ цæнгтæ, –
Мæ уод сæбæл батавон.

Цалинмæ мин уа дæ тауæ,
Раст уæдмæти æзмæлдзæн.
Зæнхи 'скъуди дæр ниххауæ,
Уæддæр дæбæл æмбæлдзæн.

Ци ма мин ес æвзаруйнаг,
Кенæ ба мин ци финст е?
Æз ку фестон дæ маруйнаг,
Уæддæр зелдзæн дæ фæсте.

Ма мæ уадзæ æгуппæгæй,
Ра мин æдтæ нифси хъуртт.
Фæттагъд кæнæ дæ æцæгæй
Мæ гурусхæн æ фæссурд.

Дузæрдуги къубулойни
Бакодтай мæ еугур тугъд.
Ци бауодзæн мæ æмбойни, –
Нæ лæдæрун уой бæлвурд.

Нæ дин лæдæрун де 'цæгтæ,
Мæхе дæмæ куд гъарон.
Æрбадарæ, цæй, дæ цæнгтæ,
Мæ уод сæбæл батавон…

## ФÆДЗÆХСТ

*(Мæ кизгуттæн)*
Мæгурæй дæр уоди хъаурæй
Фæддардтон бæрзонд мæ сæр,
Ци фæццардтæн, гъе уоми ба
Некæд адтæн думæстæр.

Мæ бæдæлттæ, мæ кæстæртæ,
Сумахбæл æй мæ гъенцъун…
Ма бауагътæ, ма бауагътæ
Ескæмæн уæхе 'фхуæрун.

Базудтон æз царди радæ,
Алци дæр мæнæн æй зунд.
Кæнгæ миутæ, кæнгæ кадæй
Неке ма иссæй бæрзонд.


Юрий Побережныйи конд хузæ



***абони махæн куд зæрдтагон æй, уотæ ахсгиаг уодзæнæй нæ исонибони фæлтæртæн дæр, нæ адæми уодиконд æма цардарæзти фæткитæ зонунæн син агъазиау агъазгæнæг исуодзæнæй. Е бæрæг æй уомæй дæр, æма е 'мдзæвгити рæнгъитæй беретæ дзилли 'хсæн исхеуон æнцæ, зундамонæн сæ кæрæдземæн ракойтæ кæнунцæ...»***




КОЛИТИ-ТЕКЪОЙТИ Анфисæ æ мадæ Губатæ, æ кæстæртæ Витали æма Зæири, уæдта е 'нсувæри фурт Романи (бадуй рахесæрдигæй Губати гъæбеси) хæццæ.

# «МÆ ЦИРТБÆЛ ДÆР, ÆЗ, ÆВÆДЗИ, БÆЛГÆ-БÆЛГÆЙ, ÆМБÆЛДЗÆН...»

1

Уæлдай ахиддæр ба æ тæходуйтæй гъенцъун кодта æ хъиамæтгун мади имисгæй. Колити Анфисæ (Текъойти Генай кизги) бæрнон бунæтти фæккосгæй (æ рæстæги адтæй Æхсæрисæри гъæусовети сæрдар), арæхстæй адæми хæццæ рæстзæрдæй архайунмæ, æ арфиаг фæллæнтти æма æ хуæрзæгъдаудзийнади фæрци адæмæн уарзон адтæй, æ рамæлæти фæсте дæр ма 'й нерæнгæ дæр æхцæуæнæй имисунцæ… Витали си уомæй сæрустур куд нæ адтæй, фал ин уомæй сæйрагдæр ба – Анфисæ æ Мадæ адтæй. Гъе уомæ гæсгæ ин уæлдай зæрдрист адтæй, ке си фенæхай æй, æгæр раги банæхстæр æй е 'носон дуйнемæ.

*Ци зæгъон, ци кæнон, о мæ Мадæ,*
*Нæбал тасуй мæ коми ме 'взаг.*
*Ку нæ кæнон де 'ной æрхунбадæ,*
*Кæд æма мин адтæ мæ зæрдтаг.*

*Кæд æма æнæ мæн нæ бухсисæ,*
*Æнæ мæн нæ кодтай комидзаг,*
*Фуни дæр ма хатгай æстъæлфисæ,*
*Алкæд уогæй мæнæй мæстæйдзаг.*

*Ци уарзтæй мæ уарзтай цæрæнбонти,*
*Ци катай дæ кодта цæрдинод,*
*Е мин нур æлхъевуй мæ фæсонтæ,*
*Е мин нур æрæлваста мæ уод.*

*Къуруйæй дæр дæумæ игъосинæ,*
*Хъæрæуæй дæр уисæ бони нифс.*
*Размæ мæ ку тардтай æноси дæр,*
*Дæ фæсте мæ уæд нур куд уадзис?*

*Зæрдæбæл изди цæгæй ауигъд дæ,*
*Имисун-ма де 'нкъард цæстингас.*
*Ду сау циртмæ мæнæй ку фæллигъдтæ,*
*Цæмæн ма дæн æз ба уодæгас…*

Колити Витали æ уарзон мадæ Анфиси туххæй берæ зæрдæмæгъаргæ æмдзæвгитæ, æ киунугутæй кæцидæртæй ин æ ном иссирдта. Уотæ, мæнæ ин фæстагмæ ци киунугæ «Дæ армитъæпæнтæ» рацудæй, уомæй дæр – тæккæ райдайæни хецæн фарсбæл си ес финст:

«Мæ фæллонгун мадæ Анфиси рохс ном ерун мæ киунугæй…»

Мæнæ нæ абони радзубандий Виталий уадзимистæй ци дæнцитæ хæссæн, етæ дæр ист æнцæ еци киунугæй…

Æ новеллитæй еуеми («Мади карæ») уотæ финста: *«Царди медæгæ алцæмæн дæр ес карæ. Æрмæстдæр еунæг нийййерæг мадæн нæййес карæ. Алли афони дæр нæ гъæугæ кæнуй. Ку райгурæн, ку райрæзæн, нæ кари ку бацæуæн нæхуæдтæ, уæддæр ин нæ зæрдитæй фæххецæн нæ фæууй.*

*Фал уæлæбæл нæ хæццæ ку нæбал фæууй, бустæги гъæун ба нæ уæд райдайуй, бустæги æнæкарæ ба нин уæд исуй…»*

Цудæнцæ, евгъудæнцæ рæстæгутæ, куд нæ си адтайдæ цийнæ дæр æма зин дæр. Фал уæддæр фурти уоди ба нæ нидæндæр кодта зæрдрист, е нæ, фал никки карзæй-карздæр кодта сагъæс:

*Дæу еу хатт-ма усмæ фæууинун ма,*
*Иссæй мæнæн мæ уоди цибæл.*
*Арази дæн уобæл цард дæттунмæ,*
*Арази дæн уобæл мæлунбæл…*

Зæрдрист адæймагмæ æ медхъурдохæни ци гъудитæ ба нæ фæззиннунцæ, цæбæлти ба нæ расагъæс кæнуй. Æвæдзи, уæхæн уавæри уогæй, нифинста Витали мæнæ аци рæнгъитæ:

КÆД ФЕМБÆЛДЗИНАН?
(Мæ мадæ Анфисæн)

*«Мæ фуни бабæй дæ уидтон æзинæ æхсæвæ. Идзулгæ мæмæ æрбацудтæ. О нæ Мадæ! Мæнæн мæ фæрстæ тонгæ ку кæнунцæ, мæ зæрдæ æ туппуртæй косунгъон ку нæбал æй, медæхсæвæ æстъæлфгæ ку кæнун, бони рохс мæмæ гъаргæ дæр ку нæбал кæнуй, финддæс æма дууинсæй анзей дæргъци мæ дæ армитъæпæнтæй фæлмæнæй, уарзонæй ци адгин комидзæгтæй фæххастай, уони мин мæ фæрстæй ку фæккодтай, уæд ма мæмæ асæги ба ходгæй цæмæн фæззиннис? Æви мин мæ некуцондзийнадæбæл фæхходис?*

*Дæ цардæмдæргъци цидæриддæр бавзурстай зиндзийнадæй, уони мин мæ рагъмæ æрбагæлстай. Æрмæстдæр сæ ду фæразтай хæссун, мæнæн ба мæ усхъитæ æгæр тæссонд разиндтæнцæ, æгæр раги мæ фæкъкъæдзæ кодта сæ уæзæ. Ци киндæуа? Ци киндæуа?*

*Адæм бони рохсмæ сæ тæлæнтæ хæссунцæ, мæнæн ба мæ царди æносон бæлдæ дæ фарсмæ цирти хуссун иссæй. Цидæриддæр дин исаразтон мастæй æма зиндзийнадæй, етæ мæхе уодæн æвзаруйнаг фæцæнцæ.*

*Мади зæрдæ, дан, хатиргæнагæ фæууй. Мадта мин уæд ду цæмæннæ хатир кæнис, дæхемæ мæ цæмæннæ уадзис, цæмæннæ мæ фæййервæзун кæнис аци медхъурдохæнæй?*

*Цума кæд фембæлдзинан?»*

Зæрдæ ниссæццæ уй аци æверхъау загъдæй: «Цума кæд фембæлдзинан?» Адтæй нæ адтæй, уæддæр ин, гъулæггагæн, уотæ рауадæй…

Фарæ æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй Текъойти Аслæнбег, æ мадирвадтæлтæй уæлдай хъæбæрдæр æхцул кæбæл адтæй, еци Аслæнбег. Хъæбæр ибæл фæрристæй Виталий зæрдæ, сауæнгæ ма ибæл не 'гъдæуттæмæ гæсгæ сау дæр бадардта… Æ дууинсæй бонемæ Витали нæ газети ниммухур кодта æ номерæни сагъæстæ, æма уой кæронбæттæни уотæ бакой кодта:

*«Аслæнбег… Аслæнбег… Бацудтæ де 'носон дуйнемæ. Корун ди æма ма мин мæ фæстаг курдиадæ исæнхæст кæнæ. Ду ци уæлмæрдти уодзæнæ, уоми æвæрд æй мæ мадæ дæр… Корун ди æма си мæн бæсти хатиртæ ракорæ мæ кæддæри æнæсæрфат миути туххæй. Кæд мин дæумæ гæсгæ ниххатир кæнидæ. Дæу уæлдай гъолондæр уарзт кодта. Æруагæс ми кæнуй, дæумæ байгъосдзæнæй…*

*Аслæнбег, Аслæнбег… Мæ зæрдæ дæбæл дарун…»*

Уотæ рауадæй, æма нур Виталий æ мадæмæ нистауæнтæ хъæртунгæнгутæ нæбал багъæудзæнæй. Æхуæдæг нур æрæнцадæй æ фарсмæ се 'носон дуйней, æма син рæстæгутæ-равгитæ уодзæнæй кæрæдземæн сæ зæрдтагон хабæрттæ фæккæнунæн…

… Æгæр раги ни фæххецæн æй нæ уарзон æмбал æма æмгустгæнæг Колити Витали, æгæр раги банæхстæр æй е 'носон дуйнемæ. Уой дæр – æнæбари. Уомæн æма кæд хъæбæр тæходуйтæ кодта, æхе ихæсгинæй ке рази нимадта, уонæн сæ рæстæги æ зæрди фæндон хуæрзти ке нæ бацудæй, уой фæдбæл, уæддæр фулдæр ба æ мæтæ адтæй уодæгæстæн ма ести хуæрзтæ исаразунбæл. Уæлдайдæр ба – æ бийнонтæн, æ цæуæтæн, уони кæстæртæн. Еудадзуг æ сагъæс, мæтæ адтæй уони барæвдаун, æ царди хабæрттæ уотæ аразун, цæмæй син сæрустурдзийнадæ æма нифсдæттæг уонцæ. Мæнæ æ новеллитæй еуеми («Дзуапп Рохсанæн») куд финста:

*«Аци бон сæумæй мин мæ кизгæ Рохсанæ загъта:*

*– Папæ, ду финсæг дæ, финсæгмæ ба æхца некæд фæууй. Ракæсай иннетæмæ – машинттæ, адгийнæгтæ, махмæ ба…*

*– Раст зæгъис, мæ бæдолæ, бæргæ, æз дæу фидæ ку нæ адтайнæ, бæргæ, уæхæнтти хузæн мæ цæсгонæй хумæ ку кæнинæ æма думæстæр ку уинæ. Кедæр загъдау, еуетæ сæхе кæми фæттавунцæ артмæ, уоми иннетæ ба содзгæ фæккæнунцæ.*

*Дæ зæрдæбæл дарæ, хой цæргæси некæд байййевдзæй. Етæ рамæлдзæнцæ, æносмæ нæ цæрдзæнæн æз дæр. Етæ ниуадздзæнцæ мулкитæ, ниууадздзæн дин æз дæр мæ кæдзос цæсгон æма уодæй ратæдзгæ рæнгъитæ. Æрмæстдæр уонæн зиндæр мæлæн уодзæй, сæ берæ мулкитæй сæ хæццæ ке неци хæссунцæ, уомæн. Мæнæн ба æнцон мæлæн уодзæй, мæ устурдæр мулкитæ, мæ рæнгъитæ уæлæбæл адæми зæрдити итудæй изайдзæнцæ. Мæ фæсте сумах – мæ устурдæр мулк. Уони ба æгæр-мæгур зæнæг исгъомбæл кæнунмæ дæр нæ раевдалдæй. Финсæг ке дæн, уой туххæй ба ди хатир некæд ракордзæн».*

Махмæ гæсгæ ба, Колити Витали – куд финсæг дæр æма куд адæймаг дæр – уотæ хатир корун некæд некæмæй багъудайдæ æ цардæгасæй дæр, нæ багъæудзæнæй, не 'хсæн ку нæбал æй, уæддæр. Уогæ, не 'хсæн нæбал æй, зæгъгæ, зæгъун дæр æгириддæр раст нæй – е æ уæлзæнхон царди куд уодуæлдайæй фæхъхъиамæт кодта нæ дзиллæн, уомæй, баруагæс уи уæд, сæ зæрдити æ рохс ном æносонгонд уодзæнæй, берæ цæмæйдæрти 'й имисдзинан: «Витали нæ ку уидæ… Витали нæ куд хъæбæр гъæуй…»

Берæ цæйдæрти туххæй ма бæргæ зæгъун æнгъезуй Виталий имисгæй, æ уадзимистæ, куд æ зæрдтагон зæгъуйнæгтæ, уотæ нæуæгæй æма нæуæгæй кæсгæй. Фал нæ нæ равгитæ цубуркъох кæнунцæ. Æма кæронбæттæни бабæй æ новеллитæй еу «Мæ кæстæри бæллец» æримисæн:

*«Фæстаг æнзти фæткæвæрдау иссæй 9-аг Майи Уæлахези бæрæгбони рæстæг паради фæсте æхсæнадон æзмæлд «Æнæмæлгæ полк»-и цуд. Тугъди ка байзадæй, уони хузиститæ фæххæссунцæ сæ фæдонтæ.*

*Бæрæгбони хуæдразмæ мæ кизги биццеу фелвæстæй нæхемæ. Е цуппæрæймаг къласи ахур кæнуй æма мин тæвдхæлæфæй дзоруй:*

*– Баба, тагъд дин дæ хузæ исесун гъæуй, æз ба 'й паради хæсдзæн мæ хæццæ.*

*– Æз ма нерæнги æгас дæн, бæдолæ.*

*– Неци кæнуй, мардбæл дæ ку банимайонцæ, уæд дæумæ дæр кæд æ гъос еске æрдаридæ, – æ дзубанди балхий кодта мæ фæдон».*

Æма ни хъæбæр федарæй æруагæс кæнуй, æ кæстæри еци загъд ке фæррæстмæ уодзæнæй æцæгдзийнадæй – нæ уодзæнæй иронх Колити Виталий рохс ном, æ берæ фæллæнттæ…

***Æрмæг бацæттæ кодта***
***САКЪИТИ Эльбрус***


КОЛИТИ Витали æ хеуæнтти хæццæ.

***ГИБИЗТИ Регинæ, маддæлон æвзаг æма литератури ахургæнæг: «Колити Виталий исфæлдистадæн аргъгæнæг дзиллæ 'нцæ. Æз ба уой зæгъуйнаг дæн, æма е 'мдзæвгити федауцæ гъудитæ нæ зæрдитæмæ хæстæг есæн, уомæн æма сæ уотид кæмæндæр зундамонæнæн***



ЦОРИОНТИ Резван хъæбæр разæнгардæй архайдта фæллойнадон, ахурадон, æфсæддон æма æндæр коллективти хæццæ исфæлдистадон фембæлдтити.

# Æ УОДÆЙ АРТ ФÆЦЦАГЪТА

**Колити Виталий арфиаг фæллæнттæй еу е æй, æма æ рæстæги ниффинста, æ уарзон Иристонæн, нæ дзиллæн берæ хуæрзтæ ка фæцæй, фæлтæрæй-фæлтæрмæ нин имисуйнаг ке рохс нæмттæ 'нцæ, еци адæймæгути туххæй уацтæ. Уонæй еу – зундгонд композитор, Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг Цориронти Хъаурбеги фурт Резван. Уой туххæй ци уац ниффинста, уой абони ба мухур кæнæн уомæ гæсгæ, æма, еумæй, æмгæрттæ нæ уогæй, хъæбæр зæрдхæлар æрдхуæрдтæ адтæнцæ, иннемæй ба, мæйи размæ, 4 мартъий æ райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи (1936-1997).**

Царди медæгæ некæд нецæмæ æма некæмæ хицæ кодтон. Нæдæр гъæздугдзийнадæ, нæдæр мулкитæ æма хуæдтолгитæ мæмæ нимади дæр некæд адтæнцæ, нæдæр ба – хуæрзеугутæ. Нуртæккæ ни еуæй-еуетæ сæ бунæттæн куд тæрсунцæ æма сæхе, оххай, ести мæ ку багъигæ дара, зæгъæ, уæхæн бунатбæлмард адæмæй дæр цæрæнбонти мæ уодхæссæг уидтон æма уинун. Æз айдагъдæр хицæ кодтон, уæлæбæл рæстзæрдæй ка фæцæрдæй, æ фæсмæрдæ ба æ ном кæдзос æма ирдæй ка ниууадзуй, уонæмæ. Æма уæхæн адæймæгутæй ба еу адтæй, Иристони фарнæ æма културæ цæмæй еудадзугдæр бæрзонддæр къæпхæнмæ хеза, уобæл æ уод ка фæгъæрдта, еци Цорионти Резван дæр.

Цорионти Резвани хæццæ æз базонгæ дæн, Æхсæрисæри астæуккаг скъолай æстæймаг къласи ма ку ахур кодтон, уæд æма уæдæй ба сауæнгæ æ рамæлæти уæнгæ кæрæдземæй нæбал рартæстан. Резванæн æ цардæмбал Эммæ Тауитони хæццæ æмхуæрифурттæ ан æма е Резванæн ку балæдæрун кодта, æз æмдзæвгитæ финсун фæлварун, уой, уæд мæ уæгъдæ нæбал исуагъта æ цæстдардæй. Мæ бон зæгъун æй, хестæр æнсувæреуæг мин фæккодта цардæмдæргъцæй.

Резван ци адтæй, уомæй адтæй хорæн æ тæккæ ирддæр тунтæй фæлуст адæймаг. Уой зæрдирахасти хæццæ зинтæй ес еске рабарæн. Æма ин кæд æхецæн æ царди, уæдта е 'сфæлдистадон размæцуди дзæвгарæ цæлхдортæ æвардтонцæ беретæ, уæддæр знаги цæстæй некæд некæмæ ракастæй. Хуцау син батæрегъæд кæнæд, сæ зунд фулдæр нæ ахæссуй, зæгъæ, гиризмæ рахатидæ æ дзубанди. Æма æ зæрдирахаст куд фæлмæн адтæй, уотæ зæрдæмæддзæугæ адтæнцæ æ музыкалон уадзимистæ дæр.

Резван ци исаразта музыкалон аййевади, ци берæ хуæрзти ин бацудæй, уонæн зинтæй ес æмбæлгæ аргъ искæнæн. Æз музыкæртасæг нæ дæн, фал хуарз мелоди лæгъузæй рартасун ба мæ бон æй.

Æнæгъæнæ 700 музыкалон уадзимисемæй фулдæр ин бантæстæй исфæлдесун.

Цума Иристони ка нæ фегъуста, Резван музыкæ кæбæл исаразта, еци зартæ: «Барæджы зарæг», «Гагкайты Алиханы зарæг», «Хъантемыраты Алыбеджы зарæг», «Гасанты æфсымæрты зарæг» æма ма берæ æндæртæ. Етæ раги нимад æрцудæнцæ адæмон зартæбæл, кæд сæ бæлвурд поэттæ ниффинстонцæ, уæддæр. Уогæ дæлдæр нæ лæуунцæ Резвани иннæ музыкалон уадзимистæ дæр. Резван адтæй берæвæрсуг искурдиади хецау. Æмхузон хуарз ин æнтæстæй алли жанрти косун дæр. Уомæн æвдесæн æнцæ: «Авдæны зарæг», «Кадæг Ирыл» – оратори, музыкалон театри æнтæстгинæй æвæрд æрцудæнцæ Резвани музыкалон пьеситæ: «Дзеноккайы митæ», «Зарæг аскъуыд æрдæгыл» – либретто. Ирон композиторти 'хсæн фиццаг Резван ниффинста ирон оперæ-балет «Уарзæтты фæз» – либреттой автор Хæмицати Цæрай. Устур бунат ахæссуй Резвани исфæлдистади «Концерт труба æма оркестрæн».

Резванмæ ци ирон киунугути библиотекæ адтæй, уомæ æнгъизтæй бахицæ кæнун. Нæ маддæлон æвзагбæл финст æмдзæвгити еунæг æмбурдгондбæл дæр нæ райеуварс кæнидæ æнæ балхæнгæ.

Резван устур домæнтæ æвардта æхемæ, уæдта, ци авторти хæццæ косидæ, уонæмæ дæр. Æз уомæн мæхуæдæг хуарз æвдесæн адтæн. Евгъуд æноси 90-аг æнзти райдайæни еумæ финстан озреккаг Хъæбæлоти цуппар æнсувæрей зар. Мæ бон банимайун дæр нæй, цал варианти мин искæнун кодта, уой. Еунæг еци хатт исхаудтæй мæ цъухæй: «Резван, бафæлладтæн ди». Уой фæсте ибæл берæ фæххудианæ.

Резван циуавæр уоди хецау адтæй, уомæн æрхæсдзæнæн еуцалдæр æвдесæни. Нæхе университети ахур кæнгæй, 1977-1981-аг æнзти мах, цалдæр æригон студенти: Хохойти Энвер, Тахъазти Валери, Догъузти Тенгиз æма æз еу уати цардан æмдзæрæни. Студент куд æнæбон, æнæ æхца фæууй, утемæйти мах дæр уотæхстан. Цалдæр хатти нæмæ Резван æмдзæрæни нæ уатмæ фæммедæг уидæ æма æхуæдæг скъæппити дуæрттæ фегон кæнидæ:

– Бицçеутæ, гъа-уайтæ, ци уæмæ ес?

Ци нæмæ гъæуама адтайдæ – неци.

– Мадта уæхе рарæвдзæ кæнайтæ, æз уæ бунæй бахездзænæн… Утемæй нæ æмдзæрæни бакомкоммæ кафемæ бахонидæ, фæххинцидæ нæ, уæдта ма нин фæйнæ тумани ба нæ дзиппити ниццæвидæ.

Мах нæ фурæфсæрмийæй мæлгæ кæнианæ, нæ гъæуй, зæгъæ.

– Биццеутæ, æз сумахæй раздæр бавзурстон студенти мæгурбæнттæ…

Æма, æцæгæйдæр, Резван тухгъомбæл иссæй. Æ фидæ Хъаурбег тугъди будури байзадæй æма æ мадæ Зулехани усхъитæбæл æрæнцадæй сабийтæ гъомбæл кæнуни ихæс. Æз хуарз зудтон Зулехани. Æвæдзи, Резван æ зæрди фæлмæндзийнадæ дæр Зулеханæй рахаста. Еци силгоймаг æнæ ходгæй дзорун дæр нæ зудта, рæдау æма бæркадкъох. Æма имæ кæд ахургонддзийнадæ неци адтæй, уæддæр æй цард уотæ исфæлтæрдта, æма æ курухондзийнадæ беретæн бафæнзуйнаг адтæй.

Иннæ цау ба ма уотæ адтæй. Евгъуд æноси 90-аг æзмæнст æнзти нецибал адтæй иссерæн арæзтадон æрмæгæй. Раст тæккæ еци рæстæг ба Резвани бийнойнаг сæ фатер цалцæг кæнунвæндæ искодта. Кæмидæр кедæр фæрци тухамæлттæй фондз голлаги цемент исмадзал кодта Эммæ. Еу бон дин нæ финсгутæй кадæр мæ къæбинети бадуй. Уæдмæ Резван дæр дуарæй æрбахизтæй æма дзубанди цалцæггæнæн кустити туххæй рацудæй. Финсæг гъаст кодта, гъома, хæдзари мæмæ цидæр куститæ ес, фал цементбæл ба нæ хуæст кæнун, зæгъæ. Резвани цума æсхуайгæ еске фæккодта, уой гæпп фæккодта:

– Цæбæл гузавæ кæнис, мæнмæ ес цемент, цæуæнай нæхемæ.

Цубур дзурдæй, финсæги гъæуагæдзийнадæ банхæст кодта, сæхуæдтæ ба æнæ цементæй байзадæнцæ.

Цæйбæрцæбæл зæрдхæлар адтæй, уомæн ма еума æвдесæн дæр æрхæсдзæнæн.

Изæригон сæхердæмæ цæугæй, исæмбалдæй сæ гъæуккаг, æ рагон зонгæбæл. Кæрæдзей дзæвгарæ рæстæг нæбал фæуурдтонцæ æма 'й Резван сæхемæ бахудта. Фингæбæл рæстæг тагъддæр евгъуйагæ фæууй æма сæбæл бустæги æнафонæ æрцæй. Кумæ ма гъæуама фæццудайдæ иуазæг еци афони æма ин Эммæ Резвани æ косæн къæбинети ниууат кодта.

Сæумæй ба силгоймаг рагигомау фестадæй æма цæлгæнæнмæ цæугæй, æрæстæфтæй, – сæ фатермæ æрбацæуæн дуар зихъирт игон.

А ба ци дессаг æй, зæгъæ, иуазæг кæми хустæй, уой дуар фегон кодта, æма дин е уоми нæбал… Куд рабæрæг æй, утемæй сæ иуазæг разиндтæй давæг лæг, ахæстдонæй æрæги ка исуæгъдæ 'й, уæхæн, æма сæмæ хъазар дзаумауæй, хрусталæй цидæр адтæй, уони син Резванæн æхе устур пъартфели ниццурхта æма сæ рафардæг кодта.

Эммæ хъæбæр исмæстгун æй, рагъавта милицæмæ курдиадæ ниффинсунмæ, фал æй Резван æруорæдта:

– Сапархан (æ цардæмбали уотæ хонидæ), нихъхатир ин кæнæ, е, æвæдзи, махæй тухстдæр уавæри адтæй.

Берæ, хъæбæр берæ имисуйнæгтæ æрæфтуйуй адæймаги зæрди, фал лæг ку рагъуди кæнуй, гæрр, мадта, Резван дæр нæбал æй, зæгъæ, уæдта мæ медуод барезун, уомæн æма е æвгъау адтæй мæрдтæмæ уотæ раги бацæунæн…

Гъулæг мин æй, абони уæнгæ Резван ци хæдзари цардæй, уой фарсбæл æ мемориалон фæйнæг ке нæма ес, е.

Резвани фæсмæрдæ нифинстон номерæни æмдзæвгæ æма уин æй уæ размæ хæссун нæуæгæй. Мухургонд ба æрцудæй мæ киунугæ «Сæхолæ»-йи…

## ЗÆРДÆЙ РАСКЪУД ТУНТИ ЗÆЛТÆ

ЦОРИОНТИ РЕЗВАНИ НОМБÆЛ

*Дæ номæй, дæ кадæй хъал адтан,*
*Бæрзондæй ди хастан мах нæ сæртæ.*
*Нур цæуис тар ингæнмæ, Резван,*
*Нæ царди нифс, не 'нцойнæ, нæ зæрдæ…*

*Адæм уарзун – дæ царди ниннет,*
*Дзиллæ дæ имисуй зарæггæнгæй.*
*Нур ци 'гъдауæй финсон – куд поэт*
*Æз абони дæубæл мæ гъарæнгæ.*

*Ци æгъдауæй зæгъон æз нæбал,*
*Нæ, нæбал фæуууиндзæнæн Резвани.*
*Кæд мæ уодæн адтæ – зæрдæмбал,*
*Иристонæн хаттæ цирагъдарæй.*

*Уой æнгъæл некæд адтæн, æма*
*Дæу цирбтæл æз мæ къох æвæрдзæнæн.*
*Уой æнгъæл некæд адтæн, æма*
*Дæу мæ царди нæбал фæуууиндзæнæн.*

*Ке куд фæндуй – гъудитæ кæнæд,*
*Мæнæн ба федар æй мæ æууæнкæ.*
*Нæ дин ес, нæ, мæ зæрди мæлæт, –*
*Æвдесæн мæ рæнгъитæ фæууæнтæ…*

Фондз æма цуппаринсæй анзей размæ (1931 анзи 5 апърели) Дзæуæгигъæуи игонгонд æрцудæй Хуæнхон-металлургон техникум.

*нæ зæгъидæ, фал æхецæн дæр уони кæдзосдзийнадæ æ царди уагæ адтæй. Æ еу æмдзæвги («Поэтмæ») хумæтæги нæ финста: «Дæ адæмбæл дæ уод ку нæ реса,// Сæ тухст син зæрдæмæ ку нæ есай, //Нæ мæ гъæуй де ’мдзæвгæ гъе уæд!..»*



# РÆСТБÆЛДЗÆУÆГИ ИВУЛД ДОН ДÆР НÆ ЛАСУЙ!..

**Колити Витали ма баскъуæлхтæй куд искурдиадæгин публицист, уотæ дæр. Берæ зæрдæмæдзæугæ уацтæ ниффинста нæ цардарæзти ахсгиагдæр фарстати фæдбæл. Уонæй еуей мухур кæнæн абони.**



Нæ доги донивулдтитæ нин нæ мухури фæрæзнитæ рæстæгути æбæрæгдзийнадæмæ ку нæ фæлласиуонцæ…

Нæ мухури дзиллон хабархæссæг фæрæзнити сагъæссаг увавæрти туххæй еудадзуг ке цæуй дзубанди, уомæн бæлвурд рæуагитæ ес. Фиццагидæр, кæд æма еци дзубанди рагæй цæуй, уæддæр гъуддæгутæй гъæугæ хузи арæзт, зæгъун æнгъезуй, неци цæуй. Уотемæй ба, дзубанди цæбæл цæуй, еци зæгъуйнæгтæ, баруагæс уи уæд, сагъæссаг гъæуама ма уонцæ айдагъдæр редакцити косгутæн, фал æнæгъæнæ æхсæнадæн дæр, уæлдайдæр ба нæ паддзахади цардгъонгæнæг идеологи аразунæй нæ нуриккон хецаудзийнади комкоммæ ихæсгин ци къабæзтæ ’нцæ, етæ.

Владимир Ленин нури рæстæгути политикон-æхсæнадон архайгутæмæ уоййасæбæл цæстиварди нæбал æй. Уотемæй ба æ фæдзæхститæй хъæбæр беретæ, куд зундæфтауæнæн, уотæ бæргæ исбæззиуонцæ. Нæ абони дзубанди мухури туххæй ке æй, уомæ гæсгæ æримисдзинан æ еу загъд: «Писать историю современности и стараться писать ее так, чтобы наше бытописание приносило посильную помощь непосредственным участникам движения и героям-пролетариям... на месте действий, – писать так, чтобы способствовать расширению движения, сознательному выбору средств, приемов и методов борьбы, способных при наименьшей затрате сил дать наибольшие и наиболее прочные результаты...»

Уотæ Ленин финста 1905 анзи. Фал уæмæ уотæ нæ кæсуй, цума нур, еу æма æхсæзинсæй анзей фæсте дæр æримисуни аккаг æнцæ? Нури доги мухури фæрæзнити уæхæн хузи архайунгъон цæмæй уонцæ, æма кæд уæхæнæй паддзахади æцæгæйдæр гъæунцæ, æма сæбæл æ зæрдæ даруй, уæд си гъæуама айдагъ домгæ ма кæна, фал си агъазгæнæг æма сæ фарсбæлхуæцæг дæр уа. Еци гъуддаги нерæнгæ ба, гъулæггагæн, сагъæссагдзийнæдтæ фулдæр æнцæ. Уонæбæл дзубанди, ку зæгъæн, бæргæ берæ цæуй, фал...

Уой фæдбæл нæ республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити разамонгутæ бæргæ дзорунцæ, гъуддагæн ка фæппайда уодзæнæй, уæхæн бæлвурд фæндитæ дæр бæргæ фæззæгъунцæ. Сæ еугурей зæгъуйнæгти æримисунæн нин равгæ нæййес, фал дæнцæн æрхæсдзинан газет «Рæстдзинад»-и» сæйраг редактор **Фидарати Юрий** ци загъта, уой. Уой дæр уомæ гæсгæ, æма е берæ æнзти дæргъи куста нæ республики мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути Комитети сæрдарæй, æма гъуддæгутæ уомæн бæлвурдæй-бæлвурддæрæй зундгонд æнцæ. Æ радзубандий ба уотæ баханхæ кодта:

– Мухури дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ æнæмæнгæ гъæуайгонд гъæуама ке цæуонцæ, уобæл секк дæр гъæуама маке кæна – хумæтæг адæймæгутæй ба сауæнгæ хецаудзийнади бæрзонд бунæтти бадгути уæнгæ дæр. Уомæн æма айдагъдæр еци фæрæзнити фæрци æностæмæ гъæуайгонд нуриуæнгæ дæр цудæнцæ, æма федарæй ни æруагæс кæнуй, идарддæр дæр цæудзæнæнцæ нæ Фидибæсти анзфинстити цаутæ æма гъуддæгути æвдесæнтæ. Уомæ гæсгæ ба нур дæр æма идарддæр дæр сæ увавæр хузæнон гъæуама уа, сæхуæдтæ цардгъон уонцæ.

Нæ нуриккон цардарæзти ци берæ аллихузон нæуæгдзийнæдтæ фæззиндтæй, етæ фендæрхузон кодтонцæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити фадуæттæ дæр. Куд уинæн, уотемæй фулдæр пайдагонд цæуй, мæнæ нимæцон хизæгтæ ке хонунцæ, еци мадзæлттæй. Мухургонд ка цæуй, еци фæрæзнитæй дæр кæд еуцæйбæрцæдæр пайда кæнунцæ, уæддæр сæ сæйраг гъуддаги – газеттæ æма журналтæ мухургондæй уадзуни ба сæ ниууагътонцæ сæхе уагæбæл, гъома, ке бон уи куд æй, уотæ уæхе цæрунгъон кæнетæ. Уæхæн цæстингас хъæбæр æнæраст æй. Уæрæсей Президент Владимир Путин цалдæр анзей размæ хумæтæги нæ баханхæ кодта уой, æма мухур æй цидæр æндæрхузон, зæрдæмæ гъаргæ хелæдæрундзийнадæ, æхцæуæндзийнадæхæссæг, газет кенæ журнал дæ къохтæмæ ку райсай, уæд адæймаг æндæр хузи уæлтæмæнади уолæнти бафтуйуй.

Еугæр дæр мухури продукци æййевунвæндæ кадæр искодта, уæд, гъæйдæ, киунугутæ дæр мабал мухур кæнæн æма еугур хабæрттæ дæр кæсдзинан экрантæбæл. Уæхæн зундирахастæй нæхецæй гириз нæ кæнæн? Уонæми электрон фæрæзнити игъосункæнуйнаг хабæрттæ фæуунцæ хуæрзцубур, тагъд æма уæлæнгай, кæми ба мæнгæ æма фæливд, ци си фæззиннуй, уобæл фулдæр хæттити дзуапдæттæг не ’сбæрæг кæндзæнæ.

Раст зæгъун гъæуй, мухури фæрæзнитæн сæ равгитæ æма гæнæнтæмæ гæсгæ сæ бон нæй социалон хизæгти æма телеуинунади хузæн хабæрттæ уайтæккæдæр, цурд-цурдæй дзиллæмæ хъæртун кæнун. Æма ин æнæ уотæ уæн дæр нæййес, газет кенæ журнал рауадзунæн еуцæйбæрцæдæр рæстæг гъæуй, еци увавæрæн неке бон неци æй. Фал, баруагæс уи уæд, айдагъдæр газеттæ æма журналти ес ниммухургæнæн æцæг бундорон æртæститæ æма арфгъудигин æрмæгутæ. Айдагъдæр мухургонд æрмæгутæмæ ес лæмбунæг æркæсæн, ци дæ си гъæуй, уой равзарун, ку багъæуа, уæдта сæмæ нæуæгæй раздæхун, рафæлдахун. Телевизор уæхæн равгæ нæ дæттуй, ести дæ базонун ку фæндæуа æма уой кæддæр уоми æвдесдзæнæнцæ, зæгъгæ, уæд уомæ æнгъæлмæ кæсгæй адæймаг еудадзугдæр телеэкрани рази нæ баддзæнæй. Еуемæй, е ’нæнездзийнадæн дæр зæранхæссæг æй, иннемæй ба, дзубанди си цæбæл цæуа, уомæй цидæр æнхæст ку нæ балæдæрай, уæд æй фæстæмæ нæбал раздахдзæнæ, нæуæгæй имæ нæбал байгъосдзæнæ.

Дзиллон мухурон фæрæзнити хæццæ баст фарстатæ берæ ’нцæ, уонæн сæ фиццæгтæй еу æй кадрти фарста. Æригон специалисттæй искурдиадæ кæмæн ес, хуæздæр си ка арæхсуй косунмæ, уони уайтæккæдæр сæхемæ басайунцæ, фулдæр син кæми феддзæнæнцæ, уæхæн дзиллон хабархæссæг фæрæзнити разамонгутæ. Кадрти фарста уæлдай сагъæссагдæр æй, нæ маддæлон æвзагбæл ци мухури фæрæзнитæ уагъд цæуй, уони редакцити. Абони си ка косуй, уонæн сæ «æригондæртæбæл» цæуй 50-60-гай æнзтæ, ес си цуппаринсæй анзи æма уомæй фулдæр кæбæл цæуй, уæхæнттæ дæр. Сæ мæгурдæйраг пенсити уæлæнхасæн ма ци минкъий мизд есунцæ, е син еуцæйбæрцæдæр агъазгæнæг æй, æнæбари син хъæртуй сæ феддонтæ нихгæнунæн.

Уой дæр зæгъун гъæуй, æма нæ маддæлон æвзагбæл финсунгъон ка ’й, етæ бустæги еугæйттæ ’нцæ. Æма уæд еци æригон фæлтæри нæхемæ цæмæй æрбахæстæг кæнæн? Маддæлон æвзагбæл ци мухури фæрæзнитæ уагъд цæуй, уоми косгути аллибон дæр кустмæ цæун гъæуй. Æма айдагъ сæ нади харз дæр дзæвгарæмæ исхъæртуй. Уæхæн увавæрти æригон косæг нецихузи исарази уодзæнæй уоми косунбæл. Сæхемæ хæдзари бадун æнцондæр æй, уæхæн нецæййаг мизди æхцатæбæл кустмæ дууердæмæ кæнунæй.

Мæнмæ гæсгæ, нуртæкки увавæртæмæ гæсгæ гъæуй æндæр хузи паддзахадон программæ исаразун, дзиллон хабархæссæг мухурон оргæнти косгутæн фулдæр мизд фист цæмæй цæуа, уой туххæй.

Иннæ тухстаг фарста ба баст æй газеттæ æма журналтæ рафинсуни хæццæ. Лæдæрд æй, нæ абони цардиуаги гаджеттæ фулдæр бунат ахæссун райдæдтонцæ, æма еци гъуддагæн бауорамæн дæр нæбал ес. Фал ма берæ ес уæхæн адæймæгутæ, кæцити зæрдиагæй фæндуй æ хæдзари, æ бийнонти ’хсæн газеттæ æма журналтæ кæсун. Гъулæггагæн, уомæн ба си алкæмæн равгитæ нæ разиннуй. Уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ, æма мухури фæрæзнитæ рафинсуни æргътæ хъæбæр исбæрзонд æнцæ. Уой дæр уомæ гæсгæ, æма сæ рафинсуни гъуддаг сæхемæ ка райста, уæлдайдæр Уæрæсей почтæ, уонæмæ нæдæр редакцити косгути, нæдæр мухуркæсгути сагъæс æгиридæр нæййес, айдагъдæр сæхе пайдай фулдæрбæл архайунцæ. Æндæра е куд æй, æма мухури фæрæзнæ рауадзунбæл ка бахъиамæт кодта, уомæ æ рафинсуни аргъæй е ’ртиккаг-цуппæрæймаг хаййæй æндæр нæ хауй, æ фулдæрæй-фулдæр хай ин байсуй почтæ. Е дин еу æнæрастдзийнадæ, иннæ бæлах ба е æй, æма газет кенæ журнал сæ рафинсæгмæ фæхъхъæртун кæнунæй комкоммæ ихæсгин уогæй, уой æнхæст ба нæ кæнунцæ, куд гъæуй, уотæ. Цæмæннæ, зæгъгæ, си ку байагорай дзуапп, уæдта сæ сæйрагдæр рæуонæ фæууй, гъома, постхæсгутæ нæ фагæ кæнуй, мизд син уоййасæбæл минкъий федунцæ, æма неке арази кæнуй еци кустмæ. Е мухуруадзгутæ æма мухуркæсгутæн сæринез цæмæн гъæуама уа?

Иннæ гъуддаг. Раздæр, нæуæг арæзт хæдзари фатери дæгъæлтæ кæмæн дæттиуонцæ, уонæн ма почти асиккити дæгъæлтæ дæр лæвардтонцæ сæ хæццæ. Зæгъунцæ, нуртæккæ дæр, дан, Мæскуй увавæр уотæ ’й. Фал мах, æвæдзи, æндæр зæнхæбæл цæрæг ан. Æма кæд еске æхуæдæг балхæна уæхæн асикк, уæд хуарз… Кæд нæ, уæдта... Уотемæй, цæргутæмæ ци гæгъæдин игъосункæнуйнæгтæ, финстæгутæ ’рбацæуй, уони постхæсгутæ ниууадзунцæ къæрази тæрхæгбæл. Кумæ гъæуама рафинсай газет, хъæбæр дæ ку бафæндæуа, уæддæр? Къæрази тæрхæгмæ?

Ахид нæмæ редакцимæ æрбадзорунцæ: газет рафинстан, фал æй есгæ ба кæнæн къуæремæ дууæ хатти, уотемæй ба газет уагъд цæуй алли бон дæр. Уотæ айдагъ Дзæуæгигъæуи нæй, фал нæ республики иннæ рауæнти дæр. Еума дессаг ба раргом æй, еци увавæри фæдбæл фарстай Уæрæсей почти бунæттон хайади разамунди дзуапп:«Хъæртун сæ кæнæн уæзæмæ гæсгæ...» Еуемæй, еци загъд ци амонуй, е бустæги æнæлæдæрд æй, иннемæй ба мухури фæрæзнитæмæ дæр сæ уæзæмæ гæсгæ аргъгонд цæуй, – дзубанди картофи килæбæл цæуй æви?..

Адæми хъæбæр фæффæндуй газет афойнадæбæл райсун мæнæ си цæхгун кæсалгæ, кенæ æндæр цидæр балхæнуйнаг батохон, зæгъгæ, уой туххæй нæ, фал си бæлвурд æрмæгутæ бакæсуни фæдбæл. Мах, редакцити косгутæ, бæргæ нæ уодæй арт цæгъдæн, фал гъе уæхæн, кедæр фудзунддзийнади фудæй нин нæ бантæсуй хабæрттæ нæ газеткæсгутæмæ афойнадæбæл фæхъхъæртун кæнун. Еци хабæрттæ, ку зæгъун, цубуртæгондæй интернети раздæр фæззиндзæнæнцæ. Æма уой нихмæ нæй нæ дзубанди – рæстæги нæуæг фæззиндтитæ уæхæн æнцæ. Фал дзубанди уой фæдбæл æй, æма æгæрон ахсгиаг æй нæ удварни гъæздугдзийнадæ, нæ фидтæлтиккон æгъдæутти, нæ национ культури, нæ маддæлон æвзаги цардгъондзийнадæ багъæуай кæнун, æма сæ федауцæй нæ идарддæри фæлтæртæмæ рахъæртун кæнун æй нæ абони сæйрагдæр ихæстæй еу. Æма уой исæнхæст кæнуни агъазиаудæр фæрæзнитæй æнцæ, нæ маддæлон æвзагбæл ци дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ ма нерæнгæ уагъд цæуй, етæ. Æма сæ гъæуама багъæуай кæнæн – уомæн ба гъæуй уони дзиллонæй рафинсун æмæ сæ кæсун. Бæргæ хуарз уидæ е дæр, æма ни алли бийнонти ’хсæн дæр еци фæткæ æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг гъуддагбæл нимад ку цæуидæ.

**Алæмæти бæрæгбон бæрæггонд цæудзæнæй 10 апърели – æнсувæр æма хуæри Бон. Кæмæ уи хауй аци бæрæгбон – ма базийнадæ кæнетæ кæрæдзей зæрдитæ арфитæй барохс кæнунмæ.**

*Агаси АЙВАЗЯН (1925-2007), сомехаг финсæг: «Цардæгас литературæ дзоруй цардæгас æвзагбæл. Цардæгас æвзагæн ба гъæуама уа бæстæ, паддзахадæ, æмзунд-æмзæрдæ адæм, уоди тундзæнтæ. Æхе бæстæ ци литературæн нæййес, е бундорихæлд фæууй, е ’взаг рамæлуй...» Колити Виталий исфæлдистадæн ба адтæй хе бæстæ – æ табугонд Дигорæ, æнæгъæнæ Иристон; æмзунд-æмзæрдæ ин адтæй æ уарзон дзиллæ...*

## КОЛИТИ ВИТАЛИ: «НÆ ДИГОРИ ЛÆВÆНГÆ ЗÆНХИТИ РÆНГЪИТÆЙ ЦÆГИНДЗИТÆ САГЪТОН...»



# «ТÆККÆ СÆЙРАГДÆР – РÆСТУОДÆЙ ЦÆРУН!..»

***Колити Виталимæ кæддæр æ юбилейтæй еуей хуæдразмæ равардтан æ карни фæдбæл цалдæр фарстай. Æма нин сæбæл ци дзуæппитæ равардта, уони уин нæуæгæй æримисуйнаг ан.***

**– Карæмæ ци цæстæй кæсис?**
– Мæ карæ лæги карæ бæргæ ’й, фал æнæуой ба…

**– Дæ ниййергутæ…**
– Мæ фиди дзæбæх нæ гъуди кæнун, мæ мадæ ба – Текъойти Генай кизгæ Анфисæ. Фонси дохтир, фæккуста колхози хутæдарæн ферми сæргълæууæгæй, уой фæсте ба Æхсæрисæри гъæусовети сæрдарæй. Æнæуой ба айдагъ царди нæ, фал исфæлдистади дæр мин мæ гъомбæлгæнæг, мæ нифсдæттæг.

**– Дæ бийнойнаг – æ кой ин ахид ку ракæнис де ’мдзæвгити…**
– Раги фесавдайнæ æнæ уомæй. Раздæр мæбæл е æхцулдæр адтæй, нур ба æз æ цæрайæй цæрун.

**– Дæ кæстæртæ?**
– Мæнæ нуртæкки куд фæззæгъунцæ, уотæ дæн берæсувæллонгин фидæ æма баба – ес мин фондз кизги, уони кæстæртæ. Зæрдæмæдзæугæ поэт ми нæ рауадæй, фал ми уарзунгъон фидæ æма баба ба, мæхемæ гæсгæ, рауадæй, кæд мæбæл мæнгæ цийнитæ нæ фæккæнунцæ, уæд. Уæддæр кæмæндæр нифс ке дæн, уомæй боз дæн мæхецæй.

**– Цардвæндагбæл рæствæндаггæнгутæй еу æй ахургонддзийнадæ…**
– Каст фæдтæн Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети филологон факультет 1982 анзи.

**– Кæмити кустай?**
– Фиййауæй райдæдтон æма журнал «Ирæф»-и сæйраг редактори хуæдæййевæги уæнгæ исхъæрттæн.

**– Финсæги хъазауат цæмæн равзурстай?**
– Мæхецæй аразгæ нæй. Хуарз æй лæдæрдтæн – финсæги гонорартæй хæдзарæ дарæнтæ ке нæййес, уой дæр, фал, дан, æрдзæ ци исаккаг кæна, уобæл фæлхатæн нæййес.

**– Дæ фиццаг æмдзæвгæ кæми ниммухур кодтай?**
– Абони дæр ма уодæн хъæбæр хъазар ка ’й, Ирæфи райони еци газет «Ленинон»-и.

**– Куд дæмæ кæсуй, ести дин бантæстæй исфæлдистади?**
– Зæрдæмæдзæугæй неци уадессагæй. Уобæл æй мæ устурдæр гузавæ, уобæл æй мæ тухст дæр, фал, дан, æнгъæлдзау, нæ фæллайуй. Кæдимайди ба мæн уоди цæхæр дæр еске батавидæ.

**– Уæхæн домагæ цæстæй дæ исфæлдистадæмæ, æвæдзи, уомæ гæсгæ кæсис, æма дæмæ ес циуавæрдæр тæразæ – æндæр кедæрти исфæлдистадæ. Æма дæ уарзондæр финсгутæ ка ’нцæ?**
– Малити Геуæрги, Багъæрати Созур, уæдта нæ нури финсгути фæлтæр. Ме ’мдогонтæ, ме ’мбæлттæ.

**– Исфæлдистадæ цийфæнди агъазиау бунат ку ахæсса финсæги цардиуаги, уæддæр ирисхъæ берæ æндæр, хумæтæг менеугутæй арæзт цæуй. Æма царди дин нифсæнцойнæ ка ’й?**
– Мæ бийнонтæ, мæ кæстæртæ, аллибон ке хæццæ æмбæлун кусти дæр æма царди дæр, етæ.

**– Дæ уарзон æмбесонд?**
– «Цæмæй дæ адæм уарзонцæ, уой тухххæй бал сæ дæхуæдæг бауарзæ. Еунæг мехбæл кауæ бийæнтæ нæййес…»

**– Ахиддæр ци æримисис?**
– Мæ сабийбонтæ мин хъæбæр хъазар æнцæ, кæд си уадессар хиццагæй неци адтæй, уæддæр. Мæ мадæ мæ зæрдæй некæд цох кæнуй. Мæхе æфхуæрун, æ берæ хъиамæттæй ин бахатунгъон ке неци исдæн, е мæ æвдирзуй æ фæсмæрдæ. Мæ фæстаг киунугæй ин æ рохс ном ке иссирдтон, уомæй еу гæзæмæ æнцондæр фæцæй мæ уодæн.

**– Естæбæл фæсмон кæнис?**
– Берæ цæбæлдæрти. Цардæн фæстæмæ æздахæнтæ нæййес, æндæра берæ цæбæлдæрти мæ къох исесинæ, æцæг, айдагъдæр исфæлдистадæбæл ба – нæ.

**– Знæгтæ дин ес?**
– Знæгтæ мин, мæхемæ гæсгæ, нæййес, æдзæстуарзæнтти тухххæй дзорун ба сæрмæхæссуйнаг нæй. Сæ тæрегъæд – сæхе!..

**– Дæ уарзон зартæ?**
– Нæ бæгъатæртæбæл конд ка ’рцудæй, етæ. Ес мæхемæ дæр ме ’мдзæвгитæбæл арæзт еу-инсæй зарей бæрцæ. Рæстæггай сæмæ нæуæгæй байгъосун.

**– Дæ уарзон ниуæзтæ?**
– Нæхе Дигоргоми сауæдæнттæ армитъæпæнæй ниуазун.

**– Дæ уарзон хуæрруйнаг?**
– Мæхуæдæг ке искæнон, еци хинкъалитæ.

**– Цийфæнди ку уа, уæддæр дин адæми царди бæлвурд бунат ка ахæссуй. Æма имæ ци цæстингас дарис?**
– Зæрдибунæй фæкковун нæ Дигори изæдтæмæ, табу син уæд!

**– Дуйней исконд уотæ ’й, æма си цардæн райдайæн куд ес, уотæ ин си, гъулæггагæн, кæрон дæр ес. Æма ци цæстингасæй кæсис мæлæтмæ?**
– Мæ хеуонтæ, мæ ирон-дигорон адæмæй макебал рамæлæд мæ фæсте, зæгъæ, уотæ ку уайдæ, уæд тæккæ нуртæкки дæр арази дæн еци æносон дуйнемæ нæхстæр кæнунмæ.

**– Де ’мдзæвгитæй еуеми уотæ зæгъис: «Ку нæ дæн арфæгонд исонбонæй // Æзинæй ку нæ уодзæй хуæздæр. // Уæд имæ ци цæун зæрдигонæй, // Уæд имæ цæмæ кæсун æнгъæл…» Етæ евгъуд æнцæ, фал дæмæ нæуæг фæндитæ æма бæлдитæ дæр куд нæ уодзæнæй…**
– Фæндитæ æма бæлдитæ Хуцауи раври ’нцæ. Мæн ба фæндуй дигорон театрæн пьесæ ниффинсун æма мæ нæуæг æмдзæвгитæ æма радзурдтæ хецæн киунугæй рауадзун. Кæд мæ маддæлон æвзаги идарддæри ирæстæн ести пайда исуа мæ исфæлдистадæ, уæд мæ цард бустæги æгудзæгæй нæ батар кодтон…

* * *

*Гъулæггагæн, нæ ин бантæстæй æ еци фæндитæ, æ зæрдифæндон исæнхæст кæнунæн, ин нæбал фæцæй равгæ. Фал ин уæддæр ци бантæстæй, етæ фагæ ’нцæ, цæмæй æ рохс ном нæ дзиллæн имисуйнаг уа, цæмæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ цитгингонд цæуа…*

## КИУНУГУТИ ТÆРХÆГ
















Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **800.** Заказ **№ 667.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 03.04.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 03.04.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арazийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**